# Konpetans konpetitif Pwogram Bousdetid

MAINE
Competitive Skills Scholarship
*Investing in earning and learning*



## Kisa Pwogram  Bousdetid Konpetitif la ye?

Pwogram Bousdetid pou Konpetans Konpetitif (CSSP) ka ede avèk finansman ak sèvis sipò ki nesesè pou pouswiv pwogram ki mennen nan yon degre de ak kat ane oswa jwenn kalifikasyon endistri ki bay djòb nan anpil karyèrekonikian demann ak gwo nan Maine..

## Asistans Finansye ak Sèvis Sipò

Bousdetid Konpetans Konpetitif la ede moun ki kalifye yo ak depans ki pa kouvri pa èd finansye oswa lòt bousdetid.  Anplis de ekolaj ak frè, patisipan ki gen revni admisib yo ka resevwa asistans ak sipò ki nesesè pou swiv  kou etid la tankou:

- Gadri
- Transpò
- Liv, materyèl , zouti, ekipman, inifòm ki obligatwa
- Reparasyon oto
- Odinatè, si sa nesesè pou pwogram fòmasyon
- Bous pou fòmasyon chak mwa (revni kay la dwe nan nivo povrete a oswa mwens pase 125%) Vizite: www.mainecareercenter.gov/cssp.shtml  epi klike sou tit ki make “CSSP income guidelines” pou plis enfòmasyon.

**Ou ka kalifye pou Bousdetid konpetans konpetitif si ou:**

- Se yon rezidan nan Eta Maine
- Gen omwen 18 ane oswa mwens pase18 anesi w se yon gradye nan lekòl segondè
- Ap pouswiv edikasyon oswa fòmasyon pou yon travay ki gen yon salèelve, pouokipasyon kian demann
- Pa gen yon diplòm apre lekòlsegondè oswa yon kalifikasyon endistri a rekonèt ki ka komèsyalizenan Maine.
- Gen kapasite pou antreprann epi konplete pwogram, edikasyon oswa fòmasyon an
- Gen yon revni ki mwens pase 200 pousan nan nivo povrete federal la pou gwosè fanmi an - vizite http://www.mainecareercenter.gov/cssp.shtml epi klike sou tit ki make “CSSP income guidelines.”

## Kesyon yo poze souvan

### Kisa ki konsidere kòm yon gwo salè, okipasyon kian demann?

Travay sa yo gen yon salè mwayèn nan oswa salè mwayèn kipiwo pou tout okipasyon yonan Maine epi yo prevwa pou gen omwen 35 òftravay chak ane.  Gade lis okipasyon ki gen salè elvenan Maine Department of Labor nan http://www.mainecareercenter.gov/cssp.shtml epi klike sou tit “CSSP Approved Occupations List”.

### Konbyen mwen ka espere resevwa?

Si w elijib, ou ka resevwa jiska $6,000* pou chak ane pwogram pou yon elèv aplentan ak $3,000* pou chak ane pwogram pou yon elèv atan pasyèl dapre bezwen ki pa satisfè ak sipò yo mande yo.  Ou ka kalifye pou yon sibvansyon chak ane ou rete nan pwogram fòmasyon ou.  *Montan sa yo pa enkli depans pou gadri oswa alokasyon fòmasyon chak mwa.

### Èske mwen oblije remèt li?

Bousdetid Konpetans Konpetitif la se yon sibvansyon, men se pa yon prè, epi ou pa oblije ranbouse l apre pwogram ou an fini.

### Kijan pou mwen kòmanse?

Vizite http://www.mainecareercenter.gov/cssp.shtml pou ranpli yon aplikasyon sou entènèt oswa kontakte CareerCenter ki pi pre w la an pèsòn oswa nan 207-623-7981.  Itilizatè TTY yo rele Maine Relay 711.
Pou nenpòt kesyon ou ka imèl CSSP.DOL@maine.gov.

CareerCenter
A proud partner of the americanjobcenter network

Depatman Travay Maine bay opòtinite egal nan travay ak pwogram yo.
Èd ak sèvis oksilyè disponib pou moun ki gen andikap sou demann

07/23